

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa jeung budaya téh gumulung lir gula jeung amisna. Teu bisa dipukahkeun. Ayana kabudayaan lantaran ayana manusa anu nyiptakeunana. Ieu hal saluyu jeung nu diébréhkeun ku Mulder dina Kertika (2007, kc. 29), yén manusa téh boh salaku mahluk individu boh salaku mahluk sosial salawasna teu leupas ti nu ngaranna kabudayaan, lantaran kabudayaan tumuwuh jeung mekar sacara turunturun jeung méré katingtriman batin di masarakat.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1990, kc. 180) kabudayaan nyaéta sakabéh sistem gagasan paripolah jeung hasil karya manusa dina raraga campur gaul hirup di masarakat nu dipimilik ku manusa ku cara diajar. Nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008, kc. 214) budaya nyaéta pikiran, akal budi nu geus jadi kabiasaan jeung hésé dirobah. Budaya atawa kabudayaan asalna tina kecap Sansakerta nyaéta “*buddayah*” nu mangrupa wangun jamak tina “*buddhi*” (budi atawa akal) dihartikeun salaku hal – hal nu patali jeung budi sarta akal manusa. Nurutkeun Koentjaraningrat (1990, kc. 181) aya ma’na nu béda antara budaya jeung kabudayaan. Budaya nyaéta daya tina budi nu mangrupa cipta, karsa, jeung rasa. Sedengkeun kabudayaan nyaéta hasil tina éta daya budi.

Dina hiji kabudayaan miboga unsur-unsur kabudayaan nu ngawangun budaya dihiji kelompok masarakat. Éta unsur-unsur budaya ngurung sagala rupa hal nu aya patalina jeung kahirupan sosial masarakat. Nurutkeun Faturrohman (2017, kc. 53) unsur-unsur budaya téh ngawengku tujuh unsur nyaéta kasenian, téhnologi jeung pakakas, tatacara hirup kumbuh di masarakat, basa, pakasaban jeung ékonomi, élmu pangaweruh, jeung agama atawa kapercayaan. Ieu unsur-unsur budaya sarua jeung nu diurutkeun ku Koentjaraningrat. Nurutkeun Koentjaraningrat (1974, kc. 2) unsur-unsur budaya cara *universal* kabagi kana tujuh unsur budaya nyaéta sistem réligi jeung upacara kaagamaan, sistem jeung organisasi kamasarakatan, sistem pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban hirup, jeung sistem téknologi jeung peralatan.

Seni nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008, kc. 1273) nyaéta kaparigelan nyiptakeun hiji karya nu hadé. Seni mangrupa hasil cipta manusa nu miboga rasa anéh, unik, tur miboga unsur éstétis hiji karya seni nu ngagambarkeun idéntitas masarakat nu aya dihiji wewengkon boh mangrupa adat istiadat boh mangrupa tata cara kahirupanana. Seni tradisional salaku seni warisan ti karuhun nu turun – tinurun mangrupa hiji wangun kasenian nu moal leupas ti masarakat nu ngadukungna. Seni tradisional kacida kuat patalina jeung adat istiadat.

Achmad dina Lindsay (1991, kc. 40) nétélakeun yén kasenian tradisional mangrupa wangun seni nu asalna ti masarakat jeung dipiboga ku masarakat ogé lingkungan tempat asalna éta kasenian. Sarta jadi ciri, idéntitas, jeung eunteung kapribadian masarakat nu ngagunakeunana. Hal nu béda tina seni tradisional nyaéta miboga kaanekaragaman jeung kaunikanana.

Jawa Barat salaku wilayah nu jembar ku ragam budaya jeung kasenian tradisional. Jawa Barat nu diwengku ku sababaraha kota jeung kabupatén, sarta unggal kota jeung kabupatén téh miboga sababaraha kabudayaan, kasenian tradisional, jeung ngabogaan ciri has nu mandiri. Éta kasenian tradisional salahsahijina aya di Kabupatén Tasikmalaya, nu perenahna di Kampung Naga Désa Néglasari Kecamatan Salawu nyaéta seni terebang sejak.

Seni terebang sejak hirup di lingkungan masarakat tradisional nu masih pengkuh nyekel adat istiadat warisan karuhunna, di antarana upacara adat gusaran, miéling muludan, hajat sasih, jeung sajabana. Ieu kasenian diolah jeung dirojong ku masarakat Kampung Naga nu mayoritas pakasabanana tatanén jeung ngagem agama Islam. Terebang sejak diwangun ku dua kecap nyaéta kecap “terebang” jeung kecap “sejak”. Terebang nyaéta waditra perkusi nu dijieun tina kai nu wangunna buleud sarta palebah luhurna ditutup ku kulit domba. Sejak mangrupa sebutan tina wangun kasenian terebang nu aya di lingkungan masarakat Kampung Naga (wawancara, 20 November 2021).

Dina kamekaranana, salian sok digunakeun pikeun sarana kagiatan nu sipatna kaagamaan, seni terebang sejak ogé digunakeun pikeun sarana hiburan masarakat, saperti dina acara miéling kamerdékaan RI. Ieu kasenian digunakeun ogé salaku pangiring jampana dina acara hélaran.

Dina kahirupan masarakat Kampung Naga, seni terebang sejak digunakeun ogé dina kagiatan upacara adat. Kasenian terebang sejak béda jeung kasenian terebang lianna. *Repertoar* lagu dina seni terebang sejak miboga unsur humor atawa bodor. Lagu-lagu nu dihaleuangkeun dina seni terebang sejak mangrupa shalawatan tapi dibarung ku lagu-lagu tradisi nu aya dina Kitab Mulud.

Terebang sejak mangrupa kasenian nu miboga simbol jeung ajén éstétis pikeun masarakat Kampung Naga. Pamaén seni terebang sejak lolobana jalma nu geus manjing umur kurang leuwih 30 taun kaluhur, lantaran sacara égo jeung émosionalna geus asak (wawancara, 20 November 2021). Tapi éta hal teu jadi bangbaluh, seni terebang sejak masih tetep bisa ngahibur jeung bisa mertahankeun ajén éstétisna. Ieu hal kabuktian ku mindengna ditanggap pikeun ngareuah – reuah acara gusaran, atawa pestival budaya nu dilaksanakeun ku Dinas Budaya dan Pariwisata Kabupatén Tasikmalaya.

Ratna (2007, kc. 3) nétélakeun yén éstétika atawa kaéndahan (*beauty*) miboga ma'na kaéndahan, kahadéan, jeung kautamaan. Ieu konsép dianggap luyu jeung pasualan éstétika dina seni terebang sejak. Dina umumna, éstétika atawa kaéndahan nu dirasakeun dina diri manusa bisa numuwuhkeun rasa gumbira, rasa puas, rasa aman, rasa nyaman jeung bagja (Djelantik, 1999, kc. 4). Éta hal bisa katitén dina seni terebang sejak jeung kahirupan masarakatna nu gumantung ka alam jeung luhur ku rasa sauyunan.

Nilai éstétika mangrupa nilai kaéndahan nu aya dina hiji karya seni. Nurutkeun Kartika (2004, kc. 12) salaku nilai nu patali jeung hal-hal nu nyampak dina wengkuan harti éndah. Dina ieu hal, kaéndahan sarua hartina jeung nilai éstétika sacara umum. Larapna nilai éstétika dina kasenian terebang sejak ditilik tina unsur-unsur kaéndahan nu nyampak dina seni terebang sejak. Salahsahiji unsur nu dipikaresep ku masarakat umum nyaéta dina cara mintonkeunana. Jalma nu lalajo pintonan seni terebang sejak bakal ngarasakeun unsur-unsur jeung nilai éstétika sacara langsung.

Ayana anggapan yén kasenian tradisi teu *ngetrend* jeung tingaleun jaman sarta réson masarakat nu teu maliré kana kahirupan seni tradisi sabab kasenian tradisi dirasakeun loba kakurangan dibandingkeun jeung seni modern. Ku lantaran hal éta, ngabalukarkeun *frekwensi* pintonan seni tradisi kacida kurangna.

Panalungtikan saméméhna nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta nu kahiji kalawan judul “Tinjauan Deskriptif Seni Terebang Sejak Di Kampung Naga Desa Neglasari Kecamatan Salawu Kabupaten Tasikmalaya” kénéng Asep Muharam salaku mahasiswa STSI Bandung taun 2009. Ieu skripsi eusina ngeunaan sajarah, pola tabuh, penotasian instrument, arkuh lagu jeung tata pentas seni terebang sejak. Nu kadua kalawan judul “Kampung Naga Tasikmalaya Dalam Mitologi Upaya Memakai Warisan Budaya Sunda” kénéng Etty Saringendyanti salaku mahasiswa UNPAD taun 2008. Ieu panalungtikan eusina ngaguar sababaraha kabudayaan anu aya di Kampung Naga jeung bahasan mitologi anu aya di Kampung Naga. Nu katilu kalawan judul “Pengaruh *Kuncen* Dalam Masyarakat Adat Kampung Naga Desa Neglasari Kecamatan Salawu Kabupaten Tasikmalaya Pada Pemilihan Presiden 2014” kinging Novia Rahmat salaku mahasiswa Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga Yogyakarta taun 2016. Ieu panalungtikan eusina ngaguar ngeunaan peran kuncén dina kagiatan pemilihan presiden di taun 2014. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna aya dina ulikan unsur-unsur éstétika nu nyampak dina seni terebang sejakna.

Nilik kana pedaran kasang tukang di luhur, panalungtik ngarasa perlu jeung wajib ngangkat seni terebang sejak salaku obyék panalungtikan dina wangun skripsi kalawan judul “Unsur-unsur Éstétika dina seni Terebang Sejak di Kampung Naga Désa Néglasari Kecamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Nilik kana legana ambahan masalah nu aya patali jeung unsur-unsur éstétika, panalungtik ngawatesanan masalah panalungtikan utamana patalina jeung waktu katut biaya, pangpangna sangkan teu méngpar jauh tina tujuan. Masalah nu ditalungtik baris diwatesanan ngeunaan struktur atawa runtuyan pintonan seni terebang sejak, properti jeung waditra, fungsi seni terebang sejak, jeung unsur-unsur éstétika dina seni terebang sejak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

1. Kumaha jengléngan pintonan seni terebang sejak nu aya di Kampung Naga?
2. Kumaha susunan katut runtuyan seni pertunjukan dina terebang sejak nu aya di Kampung Naga ditilik tina aspék penyajian musik jeung komposisi musik?
3. Properti naon waé nu digunakeun dina pintonan seni terebang sejak?
4. Unsur éstétika naon waé nu nyampak dina seni terebang sejak nu aya di Kampung Naga?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang, watesan masalah katut rumusan masalah, ieu tujuan panalungtikan katitén ieu di handap.

Tujuan tina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

1. Wangun pintonan seni terebang sejak nu aya di Kampung Naga;
2. Susunan katut runtuyan seni pertunjukan dina terebang sejak di Kampung Naga ditilik tina aspék penyajian musik jeung komposisi musik;
3. Waditra jeung Properti nu digunakeun dina seni terebang sejak; jeung
4. Unsur–unsur éstétika dina seni terebang sejak di Kampung Naga.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara tioritis pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian Sunda hususna dina kasenian terebang sejak di Kampung Naga. Lian ti éta, miboga mangpaat ogé pikeun panalungtikan sangkan nambahan pangaweruhna ngeunaan seni terebang sejak di Kampung Naga Désa Néglasari Kecamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun méré informasi ngeunaan kasenian terebang sejak nu digunakeun dina upacara-upacara tradisi. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan dipiharep digunakeun pikeun maluruh ngeunaan unsur-unsur éstétikan nu nyampak dina seni terebang sejak di Kampung Naga.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu sosial tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun méré ajén atikan ka masarakat Sunda sacara umum. Nilai éstétika nu aya dina seni terebang sejak dipiharep bisa ningkatkeun minat generasi ngora tur masarakat pikeun lalajo pintonan seni terebang sejak. Hususna ka palaku seni, sangkan seni terebang sejak bisa minton dina acara-acara nu sifatna nasional jeung internasional.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan dipiharep pamaréntah Kabupatén Tasikmalaya bisa narékahan kana ieu kasenian ku cara nyieun jadwal pikeun mintonna seni terebang sejak dina waktu jeung acara nu tangtu sangkan éksisténsi kasenia bisa lastari.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan nu nyampak dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, bisa katitén saperti ieu di handap.

1. BAB I BUBUKA, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.
2. BAB II ULIKAN TÉORI, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA, JEUNG RARAGA MIKIR, eusina medar téori ngeunaan wangenan éstétika, unsur-unsur éstétika, ajén éstétika, kasenian tradisional, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

3. BAB III METODE PANALUNGTIKAN, eusina ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.
4. BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN, eusina ngajelaskeun sarta ngadéskripsikeun runtuyan pintonan seni Terebang Sejak, properti nu digunakeun dina seni Terebang Sejak, fungsi seni Terebang Sejak, jeung unsur-unsur éstétika dina seni Terebang Sejak.
5. BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.